# Fòmilè pou pataje enfòmasyon sante emosyonèl e enfòmasyon VIH

Si ou pa vle pataje enfòmasyon sante emosyonèl e enfòmasyon VIH, pa fè anyen avek fòmilè sa-a.

Kisa SènEnfòmasyonSante (HealthInfoNet) ye?
SènEnfòmasyonSante (HealthInfoNet) se yon sistem òdinatè ki mennen tout enfòmasyon sante ou ki nan klinik diferan kote ou te resevwa swen medikal epi li antre li nan yon dosye medikal elektwonik pou etat-la. Estaf medikal sèvi ak enfòmasyon sa-a pou fè pi bon dezisyon de swen ou. Li ka ede yo evite erè, espesyalman nan yon sityasyon ijan. Dosye medikal ou pale de remed, alèji, rezilta analiz, e plis toujou.

Eske dosye mwen an sekirite e prive? SènEnfòmasyonSante (HealthInfoNet) sere tout enfòmasyon ansoudin avan li voye li nan yon sistem odinate ki gen koneksyon an sekirite. Sèlman sayo ki nan swen ou ka gade enfòmasyon ou. Pou konnen kiyès te gade enfòmasyon ou e kilè sa te fèt, ale nan www.hinfonet.org/audit. Pa gen okenn sistem ki an sekirite kompletman, men SènEnfòmasyonSante (HealthInfoNet) ap fè tout efò pou kenbe dosye ou an sekirite.

Maine gen lwa ki pale de enfòmasyon sante emosyonèl e enfòmasyon VIH. Enfòmasyon sa-a ap rete prive, *se sèlman si ou di ou vle li pataje*. Ou ka otorize nenpòt estaf medikal pou wè enfòmasyon ou nenpòt kilè. Lòt estaf medikal ou ap wè enfòmasyon sa-a, sèlman si ou gen yon ijans medikal. Si ou deside pita ou pa vle pataje enfòmason ou, ou ka revoke chwa ou depi ou kontakte SènEnfòmasyonSante (HealthInfoNet) oubyen ale nan www.hinfonet.org/patients/your-choices

## Mwen chwazi pou pataje enfòmasyon sante emosyonèl e VIH.

Ranpli fòmilè sa-a e voye li nan HealthInfoNet, 125 Presumpscot Street, Box 8, Portland, ME, 04103 oubyen faks li nan 207-541-9258.

*Fòk fòmilè sa-a siyen devan temwen estaf medikal, note, oubyen estaf SènEnfòmasyonSante. Fòk ou bay fòmilè sa-a na n klinik medikal oubyen mennen li nan biwo SènEnfòmasyonSante pèsonèlman.*

Si ou pa ka fe sa-a, ou ka ale devan yon notè epi voye li bay nou. Depi nou resevwa fòmilè sa-a, enfòmasyon sante emosyonèl/VIH ap paret nan dosye SènEnfòmasyonSante pou tout estaf medikal ki sèvi avek SènEnfòmasyonSante (HealthInfoNet).

*Tanpri tcheke bwat ki make chwa ou*

☐ Mwen chwazi *pou pataje* enfòmasyon sante emosyonèl mwen

Epi/oubyen

☐ Mwen chwazi *pou pataje* enfòmasyon VIH mwen

__________________________________________________________________
Non | Non Mitan | Non Fanmi

__________________________________________________________________
Adrès | Vil | Etat | Zip Code

Seks: ☐ Gason ☐ Fanm

Dat de nesans: ________/____/________ ( mwa / jou / ane )

__ __ __ – __ __ – __ __ __ __ Nimewo sosyal (si ou vle)

_________________________ Nimewo telefon

______________________________ Lapos Elektwonik

__________________________________ Siyen pasyan oubyen veye pasyan (obligatwa)

_______/_______ /_______ Dat (mwa / jou / ane )

_______________________________ Siyen Temwen (obligatwa)

___________________________ Non Temwen en blok *(obligatwa)*

__________________________ Òganizasyon swen medikal (*obligatwa)*

On ___/____/_____, I attest that the above signer is personally known to me or established his/her identity by presenting government-issued photo identification.

Si ou gen kesyon, rele SènEnfòmasyonSante 1-866-592-4352 oubyen 207-541-9250, or voye nan lapos elektwonik nan info@hinfonet.org